



KLINIK ERITAJ SE KAY TOUT GASON

**PI BONÈ
SE GRANM MATEN !**

**PYE KOUT
PRAN DEVAN !**

**VIN CHACHE
LASANTE !**



KI KOTE NOU KA JWENN KLINIK ERITAJ YO ?



NAN PÒTOPRENS



232, OTOWOUT DÈLMA
ANFAS EUROCERAM
(509) 2998-8413

**Yon sèl NIMEWO pou tout gason
ka jwenn bon jan ENFÒMASYON
sou SÈVIS SANTE**

8724

CHAK JOU 24 SOU 24



NAN OKAP



4, ANT RI 23 AK 24C
NAN GWO KAY JÒN NAN
(509) 2817-3361

SUIV NOU SOU REZO SOSYAL YO



**KLINIK
ERITAJ**



GASON AN SANTE

=

FANMI DJANM



POUKISA GASON PA RENMEN ALE LOPITAL ?

Dapre sondaj yo, Gason pa renmen ale nan sant sante pou plizyè rezon :

- Yo pè doktè ak piki
- Yo pa gen pasyans pou tann
- Yo pa alèz nan mitan foul moun
- Yo pa renmen move akèy

Se pou sa nou vini ak Klinik Sante Gason ki rele Klinik Eritaj. La, w ap jwenn bon jan akèy ak bon jan sèvis, nan respè ak diyite tout moun san estigmatizasyon ni diskriminasyon. Espas la pwòp, anbyans lan agreyab, orè a fleksib e sèvis la rapid !

POUKISA GASON DWE ALE LOPITAL ?


- Pou fè prevansyon kont anpil maladi ki kapab fè gwo dega nan kò yo, san yo pa konnen
- Pou pran swen maladi ke y ap trennen depi lontan
- Pou yo ka pwoteje tèt yo ak fanmi yo
- Pou yo ka viv byen ak ansante



**KLINIK
ERITAJ**

KI SÈVIS KI DISPONIB NAN KLINIK ERITAJ YO?

- Edikasyon ak enfòmasyon sou lasante
- Konsiltasyon jeneral
- Konsiltasyon iwoloji : pwoblèm pwostat, pwoblèm bann ...
- Laboratwa : bilan sante, depistaj kansè Pwostat,
- Famasi
- Planin : Kapòt, Vazektomi ...
- Sikonsizyon elatriye ...



KI PWOBLEM SANTE GASON KONN GENYEN ?

- Pwoblèm bann
- Enfeksyon yo trape nan fè bagay
- Makouklou
- Pwoblèm pwostat
- Enfètilite
- Tansyon
- Sik elatriye

**GASON ANSANTE
=
FANMI DJANM**